
# NDINGAPEKA

# SEI

# KRITSU?



NaBetty Burton Choate

Ndingapfeka Sei Kritsu*?*

Shoko raMwari rinotaura pamusoro pemaKritsu *akapfekwa Kritsu " Nokuti vose pakati penyu, vakabhabhatidzwa munaKristu, makafuka Kristu"* ( VaGaratia 3:27; Mcord translation). Takasukwa neropa rake patakababapatidzwa " *NokunaJesu Kristu, chapupu chakatendeka, dangwe kuvakafa, mubati wamadzishe enyika. Kuna iye wakatida akatisuka, pazvivi zvedu neropa rake,….."; *Zvakazarurwa 1:5), uye takafanirwa kupfeka kururama Kwake.

Patinenge tichirarama zuva nezuva, vanhu vanofanirwa kuona Kritsu nokuda kwohunhu hwedu, kwete isu. ( " *Asi pfekai Ishe Jesu Kristu, musatsvaka kufadza nyama pakuchiva kwayo"* VaRoma 13:14). Nokumwe kutaura magwaro anotaura nezvaKritsu achigara kumaKritsu: " ….*kuti Kristu agare pamoyo yenyu nokutenda*, VaEfeso 3:16;17).

Zvoreva kuti **zvese, nekwese kwatinoenda** ngatitorei Kritsu ngatifambe naKritsu- ari matiri, ( VaRoma 8:9;10).

### ***Kupfeka kwangu Kritsu hakuunzi kunyadziswa Kwake here?***

- Sehama muna Kritsu Jesu, mhuri yake, zviri pachena kuti tinofanirwa kukura mukumuziva nehunhu. "*Kuti nazvo muve vanhu vakagoverwa vuMwari*" (1 Petro 1: 4). Zvichireva kuti tinofanirwa kufunga, kuita pamwe nekiratidzira maringe nezvinodikanwa naMwari, Zvinova nehunhu patinenge tichikura mukuziva " pfungwa yaKritsu". Vanhu vanotiziva vanofanirwa kuva nokuvimbika, kuti zvose zvatinotaura, kana kuita tinenge tichipa mbiri nekukudza kuna Kritsu Ishe vedu.
- *" …. Nokuti muromo unotaura zvizere pamoyo" (*VaRoma 12:34). Tinoda kuti Kritsu akurwire kutsamwa, godo nekutaura manzwi asina maturo, zvichienderana nematambudza anosanganiswa navo muhupenyu? Tirikumuratidza kunyika nehunhu uyu, tichiramba nekutaridza kuti moyo yedu hairarame sezvatinotaura. " Kuita saKritsu"? Hatisi kutaura nhema here Kwaari?
- Zvinovanzo taurwa kuti maKritsu Mazhinji anobatwa nechirwere chekuona vanhu vasina kupfeka paDandemutande. Muedzo uyu inonetsa kuti vanhu vautize nekuti unovanzoitikira mumahofisi, umo munhu anenge agere oga anetarisiro yekuti hapana anenge achimuona. Asi Mwari anenge achiona. Kuti Kritsu -uyo vavakapfeka -anokanganiswa here nesarudzo yako yemafariro ako aunoita nhasi here?

- Zvinonyadzisa zvikuru kuti mamwe maKritsu arikupfeka zvino zvisina kufanira, zvakafanana netumasiketi tupfupi, nezvichuma zvisina kufanira, mhete pasina kufanira, nguvo dzakashama Chinangwa chavo chiro chekuda kuzviratidza; mbatya dzekuti kana ukadzitarisa dzinoita semunhu akazorwa peindi - mbatya dzakagadzirwa kukwezva varume. Saka tingati Kritsu haasi kunyadziswa here, nehunhu, kana kuti huipi hwemiedzo yakadai?

- Tinofanirwa" *kufamba mutsoka dzaJesu*" (1 Petro 2:21). Hatizi kuMutora here kumuendesa kunzvimbo yaasina kuda kuenda, tiine mufungo vekuti shamwari, kana hama yepedyo irikutiona arikutiona, kunzvimbo kwatinenge tiri. Tisina mufungo vekuti zvinhu zvose zvinoonekwa pamberi paMwari?

**Kupfeka kwangu Kritsu kunouyisa kukudzwa Kwake here?**

- Vana kumhuri vakafanana nevabereki. Sezvo ndichikura munaKritsu, vanhu varikuona here kunaka kwekugara kwake mandiri - tsitsi dzake, kuregerera Kwake, rudo rwake, chido chake kuponeswa kwemuviri, uyo vakamusvidza pamuchinjiko?

- Ndinga pfeka Kritsu, ndione chinangwa, chekuti shoko raMwari rigova rinotitungamira muhupenyu nemoyo inekuzvininipisa, ".....*Asi kuda kwangu kurege kuitwa, asi kwenyu" (Ruka 22:42). Vanhu vanoona kutenda kwangu, kubudikidza nehuhwepo hwaMwari muhupenyu hwangu here? Nekuvimba kwangu kuti anondiitira izvo anoona zvakanaka? Vanoona rudo here richiratidzwa kubudikidza kana munhu achinge apfeka Kritsu? " Zvino kana Mwari achifukidza saizvozvo vuswa hwebundo hwuripo nhasi, hwuchakandirwa muchoto mangwana, haangakufukidziyi nokupfuurisa imi vokutenda kuduku here? Naizvozvo musafunga muchiti tichadyei? Kana tichamwei? Kana tichafukeiko? Nokuti vahedheni vanotsvaka izvozvi zvose. Nokuti Baba venyu vokudenga vanoziva kuti munoshaiwa izvozvo zvose.* ***Asi tangai kutsvaka Vushe hwaMwari nokururama kwake, izvozvi zvose zvichawedzerwa kwamuri"*** (Mateo 6:30-33).

- Kana tichinge tavigwa pamwe chete naKritsu Jesu, kubudikidza nerubapatidzo, tinenge tichizvitotera nguvo yakakosha inodura, rinozivikanwa navanhu. Kufukidzea neropa raIshe vedu, nokuda kwenguvo pfumbu, tinomira , takachena nokuda kwekururama kwaKritsu, pamberi paBaba vedu. "*......Muchiziva kuti hamuna kudzikinurwa nezvinovora, nesirivheri kana ndarama, pamufambire wenyu usinamaturo, wamakasiyirwa namadzibaba enyu; asi neropa raKristu, seregwayana risina charingapomerwa, risinoruvara; (*1 Petro 1:18;19).

**Sarudzo Ndeyedu**

- Tirikugadzira imba here iyo Ishe anofadzwa kugara mairi, apo patinenge tichikura murudo rwaMwari, uye nehama dziripakati pedu, tichinamata, tichiita zvakanaka, tichidzidzisa vakarasika kuti vaponeswe?

- Kana kuti tingagara here, munyika yakadai, izere nekurwadzisa, kana kugumburisana nehunhu hwedu? Angagara nesu here, kana kuti tinomumanikidza kuenda?

World Evangelism Tracks